# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–20 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अगुवाई वाली प्रदेस सरकार आजु विधानसभा में वित्तीय बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस बदे आठ लाख आठ हजार सात सौ छत्तीस करोड़ छौ लाख रूपिया क बजट पेस कइलस। ई प्रदेस क अबले क सबसे बड़हन बजट हौ। वित्त मंत्री सुरेश खन्ना बजट प्रस्तुत करत एके प्रदेस क आरथिक विकास अउर सामाजिक कल्याण के दिसा में एगो खास कदम बतवलें। उहां के कहलीं कि ई बजट बरिस दुइ हजार चउबीस–पचीस के बजट से नौ दसमलव आठ फीसदी बेसी हौ, जेहसे राज्य क आरथिक वृद्धि के गति मिली। सरकार क लक्ष्य प्रदेस के पांच ट्रिलियन डॉलर क अर्थव्यवस्था बनवले के दिसा में तेजी से आगे बढ़ल हौ। बजट में अवस्थापना विकास बदे बाइस फीसदी, सिक्षा बदे तेरह, कृषि अउर सम्बद्ध सेवा बदे इग्यारह, चिकित्सा अउर स्वास्थ्य में छौ आ सामाजिक सुरक्षा कार्यक्रम बदे चारि फीसदी धनरासि आवंटित कइल गइल हौ।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि वित्तीय बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस क ई बजट सर्वे भवन्तु सुखिनः के अवधारणा के अनुरूप गरीब, अन्नदाता किसान, नौजवान अउर महिला उत्थान के समरपित हौ।

***मुझे बताते हुए यह प्रसन्नता है कि डबल इंजन सरकार के द्वारा प्रधानमंत्री मोदी जी के नेतृत्तव में पिछले आठ वर्ष के अंदर प्रदेश के अंदर उठाये गये कदमों का परिणाम है कि उत्तर प्रदेश में छह करोड़ लोगों को गरीबी रेखा से उपर उठकर करके एक सामान्य जीवन यापन करने का एक सुगम मार्ग इस डबल इंजन सरकार ने प्रसस्त किया है।***

बजट के ले के प्रदेसो क लोगि सकारात्मक प्रतिक्रिया दिहले हवें। जौनपुर जिला में पेसा से सिक्षक श्याम दत्त दुबे कहलें कि येह बजट में प्रदेस सरकार हर वर्ग क धियान रखले हौ।

***इस बार सरकार ने उत्तर प्रदेश के सभी वर्गो का ख्याल रखा है। जैसे युवा, वृद्ध, महिला, पुरूष, छात्र, छात्रा इस प्रकार से सभी का बजट में स्थान दिया है। जैसे उदाहरण के रूप में दे तो छात्राओं के लिए सामान्य छात्र के लिए नौ सौ करोड़, अनुसूचित छात्रों के लिए नौ सौ अड़सठ करोड़ का बजट रखा है।***

समाजवादी पारटी क परमुख अखिलेश यादव अउर बहुजन समाज पारटी क मुखिया मायावती बजट क आलोचना कइले हइनि।

**********

प्रयागराज महाकुंभ में देस–बिदेस से सरधालुअन के अइले क सिलसिला जारी हौ। केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंहो आजु प्रयागराज महाकुंभ में पहुंचलें। उहां के कहलीं कि महाकुंभ क व्यवस्था बढ़ियां हौ।

**********

काशी–तमिल संगमम क तिसरका संस्करण में तमिलनाडु से आइल स्वयं सहायता समूह अउर मुद्रा लोन के लाभार्थियन के सथहीं अउरियो प्रतिनिधियन क एगो अउरियो दल आजु बनारस पहुंचल। ओहीं, सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय क केन्द्रीय संचार ब्यूरो के ओरि से काशी–तमिल संगमम उत्सव में लगावल गइल चित्र प्रदर्सनी पंडाल में आजु कई गो बिसयन पर चरचा आ प्रस्नोत्तरी प्रतियोगितो आयोजित कइल गइल।

**********

केंद्रीय सूचना अउर प्रसारण राज्य मंत्री डॉ एल मुरुगन आजु आकाशवाणी केन्द्र गोरखपुर क दौरा कइलें। उहां के केन्द्र के साफ–सफाई, प्रसारण अउर स्टूडियो के सथहीं अउरियो सज्जो इंतिजाम क निरीक्षण कइलीं। डॉक्टर मुरूगन आकाशवाणी केन्द्र अउर दूरदर्शन केन्द्र के कार क लगतारे आजु दुसरको दिन्ने समीक्षा कइलें। येह मौका पर केन्द्र क अभियांत्रिकी प्रमुख शैलेश शरण शुक्ला के सथहीं आकाशवाणी अउर दूरदर्शन के सीनियर अधिकारी आ करमचारी केन्द्रीय राज्य मंत्री के अन्तर्राष्ट्रीय स्तर पर गोरखपुर क पहिचान गीता प्रेस क पुस्तक भेंटि कई के उनकर स्वागत कइलें।

**********

जौनपुर जिला में पछिला चउबीस धंटा के भित्तर भइल दुइ गो अलगि–अलगि सड़कि दुरघटना में आठ लोगिन क मउति हो गइल, आ करीब बत्तीस लोगि घाही हो गइलें। जौनपुर क एसपी डॉक्टर कौस्तुभ बतवलें कि बदलापुर थान्हा इलाका में सुल्तानपुर रोड पर एगो एसयूवी गाड़ी के आजु भिन्नहीं कउनों अज्ञात वाहन टक्कर मारि दिहलस, जेहमें झारखण्ड क तीनि गो मेहरारू अउर एगो लइका के सथहीं पांच तीर्थयात्रियन क मउति हो गइल आ पांच जने घाही हो गइलें। येही इलाका में काल्हि देर राति एगो यात्री बसो खड़ा ट्रक से लड़ि गइल, जेहमें दिल्ली क तीनि तीर्थयात्रियन क मउति हो गइल जबकि आ सत्ताइस जने घाही हो गइलें।

**********

पच्छिमी उत्तर प्रदेस के कई जिलन में आजु भिन्नहीं हल्लुकाहे बूंदाबांदी से मौसम क मिजाज बदलि गइल। शामली, मुजफ्फरनगर, मैनपुरी, हमीरपुर, फर्रुखाबाद, एटा अउर बदायूं के सथहीं कई पच्छिमी जिलन में बूंदाबांदी अउर बरखा भइले क खबरि हौ। पूरबी उत्तर प्रदेसो में कई जगहिनि पर मौसम विज्ञान विभाग आजु बरखा अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ।

**********